



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI ESTASYON DEKONTAMINASYON
ADIRONDACK POU ANPECHE PWOPAGASYON ESPÈS ANVAYISAN AKWATIK
YO**

***Yo pral òganize plis pase 100 aktivite nan tout eta nan kad semèn espès
anvayisan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo te ouvè 12 nouvo estasyon dekontaminasyon bato nan Adirondacks, nan kad yon pwogram pilòt pou anpeche pwopagasyon espès anvayisan akwatik nan rejyon an. Anplis, yo pral òganize plis pase 100 aktivite semèn sa a nan eta an rekonesans a semèn Espès Anvayisan, sa ke Gouvènè Cuomo pwoklame nan dat 12-18 jiyè.

“Anpeche pwopagasyon espès anvayisan nan dlo Adirondack nou yo enpòtan pou konsève trezò rejyon sa a epi asire ke li rete yon gwo atou ekonomik,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Grasa yon kanpay pwo-aktif nap fè espesyalis yo ansanm avèk piblik la patisipe kidonk tout moun ka jwe patisyon yo nan dlo vyèj ak agreyab Adirondacks pou ane kap vini yo.”

Depatman Konsèvasyon Anivwonman Eta New York dirije pwogram pilòt konplè sa a, Pwogram Plant Anvayisan Adirondack, ak Paul Smith’s College Adirondack Watershed Institute. Li gen ladan estasyon pou lave bato nan zòn estratejik, adisyon entandan bato nan 14 nouvo lokasyon nan rejyon an, siy prevasyon espès anvayisan nan tout Depatman Konsèvasyon Anivwonman ak nan pifò lansman bato minisipalite ak prive, yon efò sansibilizasyon edikasyonèl.

Pwogram nan se rezilta yon antant ke yo te jwenn ant plis pase 60 gwoup konsèvasyon, asosyasyon pwopriyete, ak gouvènman lokal ak eta nan mwa mas pou travay an kolaborasyon pou ede konseve dlo pwòp, ogmante opòtinite rekreyasyon epi ankouraje touris. Fon Pwoteksyon Anivwonman eta finanse pwojè sa. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo nouvo bidjè eta gen ladan \$1 milyon adisyonèl nan Fon Pwoteksyon Anivwonman ki vize pou spesyalman konbat espès anvayisan akwatik yo. aquatic.

Entandan lansman bato nan 41 lansman bato pral montre plezansye kap vini yo siy posib menas envayisan sou anbakasyon ak remòk yo. Nan estasyon dekontaminasyon

yo, entandan bato yo pral itilize gwo presyon, inite dekontaminasyon dlo cho pou netwaye bato yo ki potko netwaye ak drene. Patisipasyon plezansye yo volontè men yo ankouraje l fòtman.

“Anpil gwoup kap kolabore avèk eta nan travay enpòtan sa a se kle pou siksè pwogram sa,” te deklare Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Joe Marten. “Gouvènè Cuomo te fè investisman enpòtan pou konbat espès anvayisan yo epi edike Nouyòkè yo sou domaj yo ka koze. Mezi sa yo pral konseve dlo vyèj yo pandan lap pwomote touris rejyonal.”

Yon etid resan ki te fèt pa Pwogram Adirondack Park Invasive Plant te jwenn ke si yo kite espès anvayisan yo pwopaje, yo ka koute ekonomi Adirondack jiska \$900 milyon dola. Sa a gen ladan pèt anyèl nan depans vizitè, ak agrikilti e prensipalman valè pwodiksyon forè ansanm avèk pèt nan valè pwopriyete ki pral afekte baz taks ak kapasite prè pou pwopriyete kay yo sou yon baz kontinyèl.

Done ki soti nan Pwogram Plant Anvayisan Adirondack Park endike 18 akwatik anvayisan ak espès non-natif aktyèlman ap enfekte dlo yo nan rejyon Adirondack. Preske 200 espès anvayisan akwatik ak espès non-natif egziste toupre nan Great Lakes, Hudson River, Lake Champlain, ak rivyè St. Lawrence River e yo se yon menas pou anvayi dlo Adirondacks yo. Espès anvayisan akwatik yo, tankou miryofilepi ak pinèz dlo epine, ka pwopaje atravè bato, remòk, ekipman lapèch ansanm avèk lòt ekipman yo.

Nan 2014, pandan premye Semèn sou Espès Anvayisan yo, Gouvènè Cuomo te siyen yon nouvo lwa pou ede sispann pwopagasyon espès nwizib sa yo. Daprè lwa avèk règleman ki vini annaprè, Depatman Konsèvasyon Anviwonman ak Depatman Agrikilti ak Mache te kreye lis espès ki entèdi ak espès ki règleman yo ansanm avèk mezi ki etabli pou anpeche pwopagasyon yo nan eta. Règleman yo fè li ilegal pou volontèman posede yon espès ki entèdi avèk entansyon pu vann, enpòte, achte, transpòte oswa entwodui.

Aktivite Semèn Sansibilizasyon Espès Anvayisan

Yo pral òganize plis pase 100 aktivite ki pral fèt nan eta pou ede anpeche pwopagasyon espès anvayisan yo an rekonesans a Semèn Espès Anvayisan an. Aktivite sa yo fèt pou ogmante sansibilizasyon ak pou ankouraje tout Nouyòkè yo pou pran aksyon pou pwoteje tè ak dlo kont espès anvayisan ki kapab nwizib pou sante imen, abitat animal, agrikilti ak touris. Gen lòt enfòmasyon ak yon lis konplè plis pase 100 aktivite sou sit entènèt Semèn Sansibilizasyon Espès Anvayisan NY la www.nyis.info/blog.

Komisyonè Depatman Agrikilti ak Mache Richard A. Ball te deklare, “Semèn Espès Anvayisan se yon opòtinite pou edike Nouyòkè yo sou mezi pwo-aktiv ke yo ka pran pandan tout ane a pou anpeche pwopagasyon espès nwizib yo, sa ki poze yon menas grav pou agrikilti New York, anviwonman ak ekonomi nou an. Lè nou travay ansanm avèk patnè nou yo nan Depatman Konsèvasyon Anviwonman, e avèk èd tout

kolaboratè nou yo sou teren an nan kominote nou yo nan eta, nou gen yon pi bon chans pou jere ak lite kont espès devastatè sa yo, epi pwoteje teren agrikòl, dlo ak reosus natirèl yo.”

Prekosyon lè w ap fè Bato Plezans

Depatman Konsèvasyon Anviwonman ak Biwo Park Eta New York, Rekreyasyon ak Prezèvasyon istorik te adopte nouvo règleman ane pase ki mande plezansye yo pou retire tout plant vizib ak materyèl animal nan bato yo, remòk ak ekipman ki asosye, ak pou drene bato yo anvan lansman e apre rekipèrasyon Depatman Konsèvasyon Anviwonman ak park lansman bato. Yo envite plezansye yo pou tcheke bato yo, remòk ak ekipman lapèch ak kano, kabin, woulèt, sifas kontwòl ak lòt pwen atachman pwobab sou bato ak remòk yo pou nenpòt plant oswa bèt ki kapab akwoche sou yo. Apre yon enspeksyon apwofondi, plezansye yo ta dwe swiv standa NETWAYE, DRENE, ak SECHE a:

- Bato ki PWÓP, remòk ak ekipman nenpòt debri, epi jete nan yon zòn montay oswa resipyan yo bay pou bi sa a.
- DRENE bato a konplètman, enkli zòn kal, vivye ak tank pwi. Dlo ski ak bato ski operatè yo ta dwe asire ke yo drene tout sitèn balas yo. Anpil espès anvayisan yo ka siviv nan nenpòt ti gout dlo, kidonk li enperatif ke yo retire dlo yo.
- SECHE tout ekipman yo pou omwen senk jou anvan ou itilize nan yon lòt mas dlo. Tan ki pi long pou seche ka nesèsè pou ekipman difisil yo oswa pandan peryòd kan oswa fred. Seche se fason ki pi efikas pou asire ke ekipman sa yo pa transpòte plant oswa bèt.

Senatè Eta Elizabeth Little te deklare, “Kontwole pwopagasyon espès anvayisan yo esansyèl pou kalite anviwonman park nou yo, pwoteksyon valè pwopriyete, ak sante ekonomi nou an. Lidèchip gouvènè a konbine avèk kolaborasyon gouvènman lokal ansanm avèk gwoup prive yo ap bay rezilta nan yon pwogram kowòdone pou kontwole espès akwatik anvayisan yo nan Adirondack Park. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò l e mwen aplodi kolaborasyon minisipalite ak NGO yo kap travay ansanm osi efikasman pou bay yon pwogram park elaji sou teren an pou fè fas a menas sa a.”

Manm asanble Janet Duprey te deklare, “Nan fason pou kontinye konsève Lak Adirondack nou yo ansanm avèk dlo yo nou dwe pwo-aktif nan anpeche pwopagasyon espès anvayisan akwatik yo. Entandan lansman bato ak estasyon lavaj bato yo pral sèvi non sèlman kòm yon mwayen prevansyon pou pwopagasyon espès anvayisan yo men tou kòm sansibilizasyon pou piblik la sou bezwen pou tout pwopriyete bato yo jwe patisyon yo pou ede nan efò sa a.”

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Hamilton William G. Farber te deklare, “Li enpòtan ke nou pwoteje dlo yo nan Adirondack Park, e nou remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan rasanble ansanm epi finanse pwogram patenarya inik sa pou anpil òganizasyon ak gouvènman lokal ak eta. Efò siveyans pou konbat pwopagasyon espès anvayisan akwatik yo kounye a sou pye epi fonksyonèl e nou konnen kolaborasyon sa pral fè yon diferans.”

D. Billy Jones, Prezidan Lejislati Konte Franklin, te deklare, “Mwen te wè pèsonèlman domaj espès anvayisan yo ka kreye nan bèl lak lokal nou yo. Pou rezidan nou yo kap viv toupri lak nou yo, epi sonje kijan li enpòtan pou endistri touris nou an, nou dwe konbat sa epi kontinye pou gen lajan apwopriye pou pwoteje youn nan resous natirèl nou yo ki pi enpòtan. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ak Lejislati a pou finansman ke yo bay nan bidjè ane sa a pou konbat espès anvayisan yo nan lak lokal presye nou yo e mwen ankouraje yo pou kontinye finanse komsadwa pwojè enpòtan sa a.”

Sipèvizè Vil Wells Brian Towers te deklare, “Kominote Adirondacks yo kontan avèk angajman ak resous Gouvènè a ansanm avèk DEC pou bese pwopagasyon espès anvayisan akwatik yo nan park la. Jodia make premye etap nan sa nou espere ki pral yon pwogram plizyè ane ki ankouraje pwoteksyon dlo vyèj nou yo gras a yon sistèm estasyon pou lave bato yo ki ofri bato piblik yo opòtinite pou ede pwoteje byen sa ke yo renmen gratis, kidok pwochen jenerasyon sa pral egalman eksperimente dlo mayifik sa yo.”

Kowòdonatè Pwogram Plant Anvayisan Adirondack Park Brendan Quirion te deklare, “Nan non Pwogram Plant Anvayisan Adirondack Park ansanm avèk patnè nou yo, mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo, Depatman Konsèvasyon Anviwonman NYS, Depatman Transpòtasyon NYS ak Kolèj Paul Smith Enstiti Basen Vèsan Adirondack [Paul Smith’s College Adirondack Watershed Institute] pou sipò yo, efò enpresyonan ak gwo kolaborasyon nan fè pwogram pilòt prevansyon AIS sa vin sou pye ak fonksyonèl. Yon pwogram pilòt operasyonèl non sèlman reprezante akimilasyon travay di anplwaye ak patnè nou yo fè, men pi enpòtan ankò yon angajman pa tout pati ki enplike yo pou pi byen pwoteje rejyon Adirondack kont enapik negatif ekolojik ak ekonomik espès anvayisan yo. Pwochen jenerasyon yo pral remèsye nou paske nou te pran pozisyon sa kòm lak ak etan anblematik nou yo kontinye bay avantaj rekreyasyon inestimab, estetik, ekonomik ak ekolojik ke yo toujou genyen.”

Eric Holmund, Direktè Pwogram Jesyon Kolèj Paul Smith Enstiti Basen Vèsan Adirondack [Paul Smith’s College Adirondack Watershed Institute] te deklare, “Pwogram Pilòt Adirondack la reprezante yon etap pwogrè fòmèl pou kowòdinasyon jesyon espès anvayisan yo nan nivo peyizaj. Pwogram nan rasanble ansanm tout entèvenan prensipal yo nan nivo san parèy ki nesè pou adrese menas ki transande nan fwontyè misipal, park, ak basen vèsan yo. Nou te bay enfòmasyon ak zouti pou piblik la anpeche pwopagasyon AIS yo nan enspekte epi dekontamine bato yo nan plizyè lokasyon pratik ozalantou park la. Sa a se yon jou referans nan istwa kalite dlo nan Eta New York.”

Direktè Egzekitif Konsèy Adirondack William C. Janeway te deklare, “Espès anvayisan yo meanse dlo pwòp avèk lafòn, ekonomi ak lwazi anplennè pi gwo park nan Etazini Adirondacks; e Konsèy Adirondack aplodi Gouvènè Cuomo, Komisyonè Joe Martens ansanm avèk tout gouvènman lokal ak pati prive yo ki gen enterè te rasanble ansanm pou konbat gwo menas sa a.”

Direktè Biwo Konsèy Revizyon Egzekitif Gouvènman Lokal Adirondack Park Fred Monroe te deklare, “Nou apresye lidèchip Gouvènè a nan pwoteje kalite dlo Adirondack yo nan finanse pwogram enpòtan prevasyon espès anvayisan yo. Alyans Adirondack Lakes, Konsèy Konsèvasyon Eta New York gouvènman lokal yo, pwopriyetè teren ak gwoup anviwonmantal rejyoanl yo kontan pou yo travay an kolaborasyon avèk DEC pou aplike pwogram nan. Nou apresye egalman fon siplemantè ki te soti nan patenarya SAVE Lake George.”

Wap jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Pilòt Prevasyon Pwopagasyon Espès Anvayisan Akwatik Adirondack nan: <http://www.adkwatershed.org/invasive-species/ais-pilot-program>.

Wap jwenn règleman yo ki te adopte pa twò lontan de sa pou lansman bato Depatman Konsèvasyon Anviwonman nan: <http://www.dec.ny.gov/outdoor/98240.html>.

Wap jwenn enfòmasyon adisyonèl pou anpeche pwopagasyon espès anvayisan akwatik nan: <http://www.dec.ny.gov/animals/48221.html>.

Sitwèb pwogram Plant Anvayisan Adirondack Park (<http://adkinvasives.com/>) bay enfòmasyon sou espès anvayisan akwatik yo nan Adirondacks, enkli idantifikasyon espès anvayisan yo kote yo jwenn yo aktyèlman.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418